

# Fòm IRS 1099-G pou Asistans Reyanplwa:

## Ki sa Fòm 1099-G la ye, e pou kisa mwen bezwen li?

Fòm 1099-G a ki rele, "Kèk Peman Gouvènman an Fè," se yon fòm taks federal ke gouvènman federal, branch leta oswa gouvènman lokal la ranpli si yo te bay peman a reklaman pou benefis Asistans Reyanplwa. Yo bay reklaman yo fòm sa a pou montre montan total konpansasyon chomaj yo te peye reklaman an pandan ane 2022 an.

Anplis de peman benefis total pou ane 2022 an, kantite ki rapòte sou Fòm 1099-G a gen ladann ranbousman, kredi, oswa diferans nan enpo sou revni lokal oswa leta yon reklaman te resevwa, osibyen ke enpo sou revni federal ke yo te dwe retire sou benefis Asistans Reyanplwa yon reklaman.

## Èske m dwe peye taks sou benefis Asistans Reyanplwa?

Benefis Asistans Reyanplwa se revni ki taksab. Lè wap aplike pou Asistans Reyanplwa, ou ka chwazi pou yo reter 10% nan benefis chak semèn ki al jwenn IRS. Ou ka mete opsyon sa a ajou sou kont Asistans Reypnplwa w la anba seksyon "**Gade epi Mentni Enfòmasyon Kont ou**" lè w chwazi "**Metòd Peman ak Opsyon pou Retire Taks.**"

## Kilè m ap resevwa Fòm 1099-G mwen an?

Fòm 1099-G w la ap disponib nan bwat resepsyon kont Asistans Reyanplwa w la pa pita ke 31 janvye. Si w te chwazi lapòs US kòm mwayen komunikasyon, nap poste yon kopi ba ou. Si w ta renmen mete ajou mwayen komunikasyon w lan nan Depatman an, ou kapab fè sa nan kont Asistans Reyanplwa w la.

## Kòman pou m jwenn yon kopi Fòm 1099-G pam pou taks ane sa a oswa pou yon ane ki te pase?

Ou ka resevwa yon kopi Fòm 1099-G ou de divès fason:

- Fason ki pi rapid pou w resevwa yon kopi Fòm 1099-G ou a se lè w chwazi "**elektwonik**" kòm metòd korèspondans prefere w. Ou ka konekte sou kont Asistans Reyanplwa w la epi ale sou "**1099-G mwen**" nan meni prensipal la pou w ka wè senk dènye ane dokiman Fòm 1099-G ou yo.
- Si w te chwazi "**Lapòs U.S.**" kòm metòd korespondans prefere w, yap voye yon kopi Fòm 1099-G ou a atravè lapòs, pa pita ke 31 janvye, nan adrès ke Depatman an gen nan dosye a pou kont ou a. Li trèzenpòtan pou ke adrès postal ou egzat epi li ajou kont Asistans Reyanplwa w la toutan. Si w gen sèvis re-ekspedye korèspondans, Sèvis Lapòs U.S. dwe fè w jwenn fòm taks ou yo. Tout reklaman gen opsyon pou yo gade Fòm 1099-G yo nan bwat resepsyon kont Asistans reyanplwa yo kèlkeswa metòd komunikasyon prefere yo.
- Pou fè demann yon diplikata Fòm 1099-G a, tanpri ale nan [Sant Èd Asistans Reyanplwa a](#), lokalize "**Dokiman Taks yo**", epi chwazi opsyon ki pi byen dekri demann ou an.

## E si mwen pa dakò ak lis peman yo oswa mwen ta renmen chanje montan yo mete nan Fòm 1099-G mwen an?

Si ou te resevwa yon Fòm 1099-G epi ou kwè li ka pa kòrèk e/oswa ou ta renmen modife Fòm 1099-G ou te resevwa a, tanpri ale nan Sant Èd Asistans Reyanplwa a, lokalize "Dokiman Taks yo", epi chwazi opsyon ki pi byen dekri demann ou an.

### Pou kisa mwen resevwa yon Fòm 1099-G pou yon ane ke mwen pat fè demann pou benefis?

Reklaman yo ka resevwa yon Fòm 1099-G lè dènye semèn benefis yo te touche a te nan kòmans ane a. Pa egzanp, si w te resevwa peman benefis aprè premye janvye 2022, ou ka resevwa Fòm 1099-G a.

Nan lòt okazyon, Depatman an ka abouti a yon jijman nan yon dosye ki te annatan ki bay peman benefis pou Asistans Reyanplwa nan yon dat ki pi ta. Lè w revize "**Istwa Peman**" w yo nan kont Asistans Reyanplwa w la se fason ki pi fasil pou w wè rezon ki fè yo te voye Fòm 1099-G a ba ou.

### E si mwen resevwa yon Fòm 1099-G epi mwen pat fè yon reklamasyon pou Asistans Reyanplwa?

Si w te resevwa yon Fòm 1099-G epi ou pat fè yon reklamasyon pou Asistans Reyanplwa, tanpri ale nan Sant Èd Asistans Reyanplwa a, lokalize opsyon pou "**Rapòte VÒL IDANTITE / FWOD**," epi ou pral soumèt yon rapò ofisyèl bay Depatman an.

Pou plis enfòmasyon sou fwod Asistans Reyanplwa, tanpri revize Kit Viktim yo kont Vòl Idantite Florid la ke Depatman an te prepare.

### Mwen gen difikilte pou m ouvri Fòm 1099-G a. Ki sa pou m fè?

Si w gen difikilte pou jwenn aksè a Fòm 1099-G w la nan kont Asistans Reyanplwa w la, tanpri itilize opsyon depanaj sa yo:

- Verifye ke Adobe Acrobat Reader enstale sou òdinatè w la epi li ajou.
- Deyakтиве ki blokè pop-up yo oswa "firewalls" ki nan navigatè w la. Fòm 1099-G a pral ouvri nan yon lòt fenèt nan navigatè òdinatè w la.
- Asire ke ou glise desann jis anba ekran an lè dokiman PDF la ouvri. Dokiman an gen plizyè paj, enkli yon antèt ak Fòm 1099-G a.